



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools

The School Board of
Broward County, Florida

10 Avril, 2019

Pou elèv klas douzyèm ane k'ap diplome, Paran/Gadyen:

Gradyasyon ayeskoul se yon evènman enpòtan nan lavi elèv, paran ak fanmi. Se yon opòtinite pou selebre akonplisman ak reyalizasyon akademik elèv-yo. Seremoni gradyasyon òganize yon fason k'ap kite nan nou-menm souvni ak enpresyon lavi diran. Nou bezwen èd-ou pou fè seremoni remiz diplòm pitit-ou dewoule nan yon anbyans diyite e respè.

Direktè ak estaf lekòl pitit-ou pase yon tan konsiderab ap plannifye epi òganize seremoni remiz diplòm-la. Li enpòtan anpil pou patisipan ak moun ki prezan diran seremoni a kondwi-yo demannye poli e koutwa. Seremoni gradyasyon se yon evènman solanel, epi ki ekzije asistans-la konpòte l byen epi respekte règ lizaj. Pou asire seremoni gradyasyon lekòl pitit-ou dewoule avèk diyite, nou atann aske elèv ak paran respekte règ dekoròm epitou respekte prensip règ byensyans:

Paran ak Envite

- Teni ki konv nab e ki rekòmande pou okazyon-an (ekzanp teni devil pou gason, pou fanm abiye yon fason konv nab e rezève).
- Nou pèmèt moun nan asistans-la itilize kamera san flach oswa kameravideoyò pòtatif depi yo pa kite plas-yo epi respekte dwa asistans-la pou gade seremoni-a san deranjman inital. Diran seremoni gradyasyon-an, nou pap pèmèt fotografi ak flach epi videyotep nan pozisyon kanpe. Lekòl pitit-ou kapab anboche yon fotograf pwofesyonnel ak yon espesyalis videyo pou filme seremoni a. Kontakte ofis direktè lekòl-la si ou bezwen enfòmasyon konsènan acha foto souvni seremoni gradyasyon a oswa videyo gradyasyon an.
- Diran seremoni remiz diplòm-la, swiv enstriksyon direktè lekòl-la bay pou aplodisman ak rekonesans.
- Tout bagay ki pwodi yon son, *air horns* (tankou yon klaksonn) oswa siflèt, entèdi, nan kote seremoni gradyasyon-an ap dewoule, epi izaj-yo entèdi fòmèlman.
- Voye anlè balon plaj (*beach balls*), blad ak balon (*balloons*), oswa lòt bagay similè, entèdi, pandan seremoni gradyasyon-an ap dewoule.
- Pa lanse konfeti (*confetti*) pandan seremoni gradyasyon-an ap dewoule.
- Pwogram gradyasyon-an va deziyen tout moun ki otorize pwononse alokasyon ak diskou pou adrese asistans-la ak elèv-yo k'ap diplome. Okenn moun pa ka pale devan asistans-la san yon pèmasyon ak otorizasyon espesyal de direktè lekòl-la.
- Nan fen seremoni gradyasyon-an, asistans-la dwe rete chita jiskaske tout diplome-yo fin soti de oditoryòm/arèn-la.

Graduation Decorum Letter

10 Avril, 2019

Paj 2

- Seremoni gradyasyon kòmanse alè tapan, epi tout paran ak envite dwe rive nan sal oswa kote seremoni gradyasyon an va dewoule, avan seremoni-a kòmanse. Pou moun ki vin anreta, yo kapab al chita sèlman apre lè elèv-yo fin antre an pwosyon, *presentation of colors* (seremoni drapo) epi apre chan im nasyonnal. Ou ka admèt ansanm ak nou gen milye envite k'ap asiste seremoni remiz diplòm-la poutèsa fè tout efò posib pou vin alè.

Elèv k'ap diplome

- N ap fè elèv-yo chonje yo dwe gen bon kondwit epi pran responsablite-yo diran seremoni gradyasyon-an ak lè gen repetisyon. Elèv-yo dwe swiv règ ak regleman ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, klas segondè (*Secondary Code of Student Conduct*).
- Elèv-yo dwe swiv potokòl, pwosedi epi orè presi ak kalandriye chak evènman jan sa fikse epi revize diran repetisyon pou seremoni-a.
- Elèv-yo dwe pote sou tèt-yo toutan *caps*-yo.
- Elèv-yo dwe rekonnèt enpòtans seremoni remiz diplòm, an konsekans abiye-yo kòrèkteman e yon fason prezantab.
- Lè elèv-yo ap defile sou estrad-la, yo dwe bay chak envite lanmen, resevwa diplòm-yo, epi retounen san pèdi tan nan plas-yo.
- Pwogram gradyasyon-an va deziye elèv ki otorize adrese lòt elèv k ap diplome ak klas-la. Okenn elèv pa gen dwa pale devan asistans-la, san li pat obteni anvan yon pèmisyon ak otorizasyon espesyal de direktè lekòl-la.
- Tout bagay ki pwodi yon son, *air horns* (tankou yon klaksonn) oswa siflèt, entèdi, nan sal oswa kote seremoni gradyasyon an ap dewoule, epi izaj-yo entèdi fòmèlman.
- Diran seremoni remiz diplòm, yo entèdi fòmèlman ke elèv-yo voye anlè balon plaj (*beach balls*), blad ak balon (*balloons*), oswa lòt bagay ki similè.
- Diran seremoni gradyasyon-an, yo entèdi elèv-yo lanse konfeti (*confetti*).

Nou mande tout elèv, paran ak envite kondwi-yo demannye respektab. Si kèk elèv ak patisipan gen yon konpòtman oswa kondwit ki pa asektab epi ki twouble lòd diran seremoni gradyasyon-an, sekirite kapab eskòte epi mete-yo deyò nan sal-la. Pou rekonnèt enpòtans dekoròm ak règ byensyans diran seremoni gradyasyon-an, **tanpri siyen epi retounen lèt-sa-a bay direktè lekòl pitit-ou.**

Non Elèv-la

Mwen ateste mwen resevwa lèt sa
Paran oswa Gadyen

Non Lekòl-la

Sensèman,



Robert W. Runcie
Superintendent of Schools